

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)

DÉZIÈM PATI **Sélébrasion mistè krétyin-an**

DÉZIÈM SÉKSION **Sèt sakréman l'Égliz-la**

DÉZIÈM CHAPIT **Sakréman gérizon-yo**

ATIK 5 ***Onksion malad-yo***

1499 « Ak Onksion sakré pou malad-yo épi priyè prêt-yo, tout l'Égliz-la rékòmandé malad-yo bay Granmèt-la ki soufri épi ki nan gloua-a pou-l soulajé yo épi sové yo, plis toujou li invité yo pou antan yo asosié pròp tèt yo libréman ak soufrans épi lanmò Kris-la yo kontribué pou byin pèp Bondié-a » (LG 11).

I. Fondman-l nan Distribision sové nou sové-a (Économie du salut)

Maladi-a nan lavi moun-nan

1500 Maladi ak soufrans té toujou nan pamí problèm ki pi grav ki frapé lavi moun-nan. Nan maladi-a, moun-nan ékspérimenté inpuisans-li, limit-li épi 1006 pasé l-ap pasé-a. Tout maladi kapab fè nou ouè lanmò-a ap vini.

1501 Maladi-a kapab minnin nan kè séré, nan répliyé sou pròp tèt-ou, pafoua nan dézéspoua épi nan rébélion kont Bondié. Li kapab fè moun-nan vîn pi adult tou (gin plis maturité), édé-l distingé sa-k pa ésansièl nan lavi-l pou-l kapab viré nan diréksion sa-k ésansièl-la. Anpil foua maladi-a fè moun-nan chèché Bondié épi tounin koté-l.

Malad-la dévan Bondié

1502 Moun Ansyin Téstaman-an viv maladi-a dévan Bondié. Sé dévan Bondié li plinyin osijè maladi-l la (cf. Ps 38) épi sé li-minm, Granmèt lavi-a ak lanmò-a, l-ap mandé gérizon (cf. Ps 6, 3 ; Is 38). Maladi-a tounin yon chémin konvèson (cf. Ps 38, 5 ; 39, 9. 12) épi byinvéyans padon (induljans) Bondié-a kòmancé gérizon-an (cf. Ps 32, 5 ; 107, 20 ; Mc 2, 5-12). Israël fè ekspérians kijan maladi-a, yon fason kaché, gin rapò ak péché-a épi ak mal-la, épi kijan fidélité aléga Bondié-a, dapré Laloua li-a, tounin bay lavi : « Paské sé mouin minm Granmèt-la ki géri-ou » (Ex 15, 26). Profèt-la ouè anndan doulè-a kapab gin yon signifikasyon rédanmsion pou péché lòt-yo (cf. Is 53, 11). Anfin, Izayi anonsé Bondié gin pou-l fè yon tan rivé pou Siyon koté l-ap padoné tout péché épi l-ap géri tout maladi (cf. Is 33, 24).

Kris-la – Médsin-an

1503 Konpasion Kris-la pou malad-yo épi anpil gérizon li fè pou tout kalité moun malad (cf. Mt 4, 24) sé sign ki vlé di aklè « Bondié vizité pèp li-a » (Lc 7, 16) épi Rouayòm Bondié-a vrèman toupré. Jézu gin pouvoua non sèlman pou-l géri min tou pou-l padonnin péché-yo (cf. Mc 2, 5-12) : li té vini pou-l géri moun-nan toutantié, kò-l ak nanm-li ; sé li-minm ki médsin malad-yo bészouin-an (cf. Mc 2, 17). Konpasion-l pou tout moun k-ap soufri-yo, rivé jous nan pouin pou-l fè youn avèk yo : « Mouin té malad, nou té rann mouin vizit » (Mt 25, 36). Rinmin préféransièl li té ginyin pou malad-yo, nan déroulman sièk-yo, pa-t sispann pousé krétyin-yo pran souin spésialman tout moun k-ap soufri nan kò yo oubiyin nan nanm yo. Éfò ki fèt san rété pou soulajé yo-a sé la li soti.

1504 Anpil foua Jézu mandé malad-yo pou yo kouè (cf. Mc 5, 34. 36 ; 9, 23). Li sèvi ak sign pou-l géri : saliv ak inpozision min-yo (cf. Mc 7, 32-36 ; 8, 22-25), labou ak lavaj-la (cf. Jn 9, 6 s). Malad-yo chèché touché-l (cf. Mc 1, 41 ; 3, 10 ; 6, 56) « paské té gin yon puisans ki t-ap soti nan li, ki t-ap géri tout moun » (Lc 6, 19). Konsa, nan sakréman-yo, Kris-la kontinué kité nou « touché »-l pou-l kapab géri nou.

1505 Antan tout doulè sa-yo boulvèsé-l, non sèlman Kris-la pèmèt malad-yo touché-l, min li pran mizè nou-yo sou do-l : « Li minm minm li té pran feblès nou-yo, li té poté maladi nou-yo » (Mt 8, 17 ; cf. Is 53, 4). Li pa-t géri tout malad-yo. Géron-l fè yo sé sign Avènman Rouayòm Bondié-a yo yé. Y-ap anonsé yon gérizon ki pi radikal : viktoua sou péché-a ak lanmò-a palintémédiè Pak li-a. Kris-la sou koua-a résévoua tout poua malla sou do-l (cf. Is 53, 4-6) épi li poté, li ouété, « péché tè-a » (Jn 1, 29), sa maladi-a sé yon konsékans sèlman li yé. Palintémédiè soufrans li-a ak Lanmò-l sou koua-a, Kris-la bay soufrans-la yon nouvo signifikasyon : sa kapab déjà fè nou sanblé ak li épi fè nou fè youn ak soufrans rédanmsion li-an.

« Géri malad-yo... »

- 1506 Kris-la invité disip li-yo suiv li antan yo poté koua yo (cf. Mt 10, 38). Antan y-ap suiv li, yo vîn gadé maladi-a ak malad-yo yon lôt fason. Jézu asosié yo nan lavi pòv li t-ap minnin nan sèvis lôt-yo. Li fè yo patisipé nan ministè konpasion ak gérizon-l nan : « Yo pati, y-al préché pou moun yo fè pénitans, yo chasé anpil démon, yo pasé luil sou anpil malad, yo géri » (Mc 6, 12-13).
- 1507 Granmèt-la ki résisité rénouvlé mision sa-a (« Nan non-m [...] y-ap pozé min sou malad-yo, malad-yo ap géri » : Mc 16, 17-18) épi li konfirmé-l ak sign l'Égliz-la ap kontinué fè antan-l invoké Non-l (cf. Ac 9, 34 ; 14, 3). Sign sa-yo manifésté spésialman Jézu sé vrèman « Bondié k-ap sové » (cf. Mt 1, 21 ; Ac 4, 12).
- 1508 Éspri-Sin-an bay kèk moun yon karism gérizon spésial (cf. 1 Co 12, 9. 28. 30) pou manifésté fòs lagras Jézu ki Résisité-a. Min minm priyè ki pi insistan-yo pa toujou rivé jouinn gérizon tout maladi-yo. Konsa sin Pòl té doué aprann nan min Granmèt-la : « Gras mouin kont pou ou, sèké sé nan féblès-la fòs-la bay randman » (2 Co 12, 9) ; épi sipòté soufrans-la kapab gin sans sa-a : « M-ap konplété sa-k manqué nan soufrans Kris-la nan chè mouin, pou kò-l ki Égliz-la » (Col 1, 24).
- 1509 « Géri infim yo ! » (Mt 10, 8). L'Égliz-la résévoua fonksion sa-a nan min Granmèt-la épitou dévoua pou-l réalisé-l soua palintèmèdiè souin l-ap bay malad-yo soua palintèmèdiè priyè intèsesion-l k-ap akonpagné yo. Li kouè nan prezans Kris-la k-ap bay lavi, li-minm médsin nanm-yo ak kò-yo. Prèzans sa-a aktif yon fason spésial palintèmèdiè sakréman-yo, épi minm yon fason ki san parèy palintèmèdiè Ékaristi-a, pin ki bay lavi pou tout tan-an (cf. Jn 6, 54. 58) sa sin Pòl signalé rapò li ginyin ak gérizon kò-a (cf. 1 Co 11, 30).
- 1510 L'Égliz apostolik-la minm konnin yon rit pròp pou malad-yo, sa sin Jak témoagné osijè-l la : « Èské youn nan nou malad ? Sé pou-l rélé prèyo nan Égliz-la, pou yo priyé sou li, pou yo pasé luil sou li o non Granmèt la ; priyè lafoua-a ap sové malad-la, Granmèt-la ap soulajé-l, épi, si-l gin péché, l-ap padonni-l » (Jc 5, 14-15). Tradision-an té rékonèt nan rit sa-a youn nan sèt sakréman l'Égliz-la (cf. DS 216 ; 1324-1325 ; 1695-1696 ; 1716-1717).

Sakréman pou malad-yo

- 1511 L'Égliz-la kouè épi dékläré gin youn nan pamí sèt sakréman-yo ki yon sakréman ki destiné spésialman pou rékonfòté moun k-ap sibi éprèv maladi-a : Onksion malad-yo :

« Sé Kris-la Granmèt nou-an ki té établi Onksion sakré pou malad-yo kòm yon vrè sakréman Nouvo Téstaman-an osans pròp; sin Mark minm fè

konnin-l [cf. Mc 6, 13]; palintèmèdiè apot Jak minm, ki frè Granmèt-la, yo rékòmandé-l bay fidèl-yo épi promulgé-l [cf. Jc 5, 14-15] (Cc. Trente : DS 1695).

1512 Nan tradision litijik Orialtal tankou Oksidental-la, dépi nan ansyin tan-yo, gin témoagnaj osijè onksion malad-yo ki fèt ak luil yo bénii-an. Nan déroulman sièk-yo, Onksion malad-yo, yon fason ki té toujou pi éksklizif, yo té bay moun ki té rivé nan dènié moman lavi-a. Poutèt sa li résévoua non « Ékstrèm Onksion-an ». Malgré dévlopman sa-a, litiji-a pa janm sispann priyè pou malad-yo réjouinn santé, si sa konvnab pou yo sové (cf. DS 1696).

1513 Konstitision apostolik « Onksion sakré pou malad-yo » *Sacram unctionem infirmorum* (30 novanm 1972) apré Konsil Vatikan II-a (cf. SC 73) té établi pou an apré, nan rit Romin-an, yo té kinbé sa-k suiv-la :

« Sakréman Onksion malad-yo, yo bay malad-yo li, k-ap soufri nan danjé, antan yo maké yo nan fron ak nan min-yo ak luil doliv oubyin, dapré sikonstans, ak yon luil ki soti nan plant, antan yo bénii-l jan sa doué fét, antan yo di paròl sa-yo yon sèl foua : « Pa pouvoua onksion sa-a ki sin-an épi pa pouvoua mizérlikòd-li ki bon anpil-la sé pou Granmèt-la édé-ou ak gras Espri-Sin-an, pou antan ou libéré anba péché-ou yo li sové-ou épi li soulajé-ou ak byinvéyans-li » (cf. CIC, can. 847, § 1).

II. Ki moun ki résévoua épi ki moun ki bay sakréman sa-a ?

Nan ka maladi grav...

1514 Onksion malad-yo « sé pa sèlman yon sakréman pou moun ki rivé nan dènié bout lavi-a. Poutèt sa, tan ki konvnab pou résévoua-l la déjà sètènman rivé lè fidèl-la kòmansé nan danjé lanmò poutèt maladi oubyin viéyès » (SC 73 ; cf. CIC, can. 1004, § 1; 1005; 1007; CCEO, can. 738).

1515 Si yon malad ki té résévoua Onksion-an réjouinn santé, li kapab, si yon lòt maladi grav rivé, résévoua sakréman-an ankò. Pandan minm maladi-a ap diré, yo kapab bay sakréman sa-a ankò, si maladi-a vîn pi grav. Li konvnab pou résévoua Onksion malad-yo anvan yon intèvansion chirurjikal (opérasiyon chirurji) inpòtan. Sa vo minm jan-an pou moun k-ap viéyi nan laj ki vîn pi frajil.

« ...sé pou-l rélé prèt l'Égliz yo »

1516 Sé prèt-yo sèlman (Èvèk-yo ak prèt-yo) ki minis Onksion malad-yo (cf. Cc. Trente : DS 1697 ; 1719 ; CIC, can. 1003; CCEO, can. 739, § 1). Sé dévoua pastè-yo pou yo fòmè fidèl-yo osijè byinfè sakréman sa-a. Sé pou fidèl-yo ankourajé malad-yo pou yo rélé prèt-la pou résévoua sakréman sa-a. Sé pou malad-yo préparé pròp tèt-yo pou yo résévoua-l ak bon dispozision, avèk konkou Pastè yo-a épi tout kominoté éklézial-la ki

invité yon fason vrèman spésial pou antouré-l ak priyè yo épi ak souin fratènèl yo.

III. Kòman yo sélébré sakréman sa-a ?

1517 Tankou tout sakréman-yo, Onksion malad-yo sé yon sélébrasion litijik
 1140 épi kominoté (cf. SC 27), soua si yo fè-l nan fanmi-an, soua nan lopital-la,
 soua nan yon légliz, pou yon malad sèlman oubuin pou tout yon group
 malad. Sa konvnab anpil pou yo sélébré-l andan Ékaristi-a ki fè sonjé Pak
 Granmèt-la. Si sikontans-yo pèmèt sa, sélébrasion sakréman Pénitans-la
 1524 kapab vini anvan-l épi sakréman Ékaristi-a apré-l. Ékaristi-a, poutèt li sé
 sakréman Pak Kris-la, t-a doué toujou dènié sakréman pélérinaj sou tè-a,
 « viatik » (manjé pou rout-la) pou « pasaj » al nan lavi pou tout tan-an.

1518 Paròl-la ak sakréman-an fòmé yon sèl réalité yo pa kapab séparé. Litiji
 paròl-la, avèk akt pénitansièl-la ki vini anvan-l nan, louvri sélébrasion-an.
 Paròl Kris-la, témoagnaj Apot-yo révéyé lafoua malad-la ak kominoté-a,
 pou mandé Granmèt-la fòs Éspri li-a.

1519 Sélébrasion sakréman-an gin ladan-l éléman prinsipal sa-yo ki suiv la-
 a : « prêt l'Égliz-la » (Jc 5, 14) inpozé min-yo – an silans – sou malad-yo ;
 yo priyé sou malad-la nan lafoua l'Égliz-la (cf. Jc 5, 15) ; sé Épiklèz ki
 pròp pou sakréman sa-a ; lè sa-a yo fè onksion-an ak luil ki béri-an, si sa
 posib sé Évèk-la ki pou béri-l.

Aksion litijik sa-yo indiké ki lagras sakréman sa-a bay malad-yo.

IV. Rézulta (Éfè) sélébrasion sakréman sa-a

1520 Yon *kado Éspri-Sin-an ki patikilié*. Prémié lagras sakréman sa-a sé
 733 lagras rékonfò-a, lapè-a ak kouraj nanm-nan pou ranpôté viktoua sou
 difikilté-yo ki pròp pou kondision maladi grav-la oubuin frajilité viéyès-
 la. Gras sa-a sé yon kado Éspri-Sin-an ki rénouvlé konfians ak lafoua nan
 Bondié épi ki fòtfié kont tantasion Malin-an, sètadi tantasion
 dékourajman nanm-nan épi kè séré dévan lanmò-a (cf. He 2, 15). Asistans
 Granmèt-la palintèmèdiè fòs Éspri-Sin li-an gin intansion minnin malad-la
 nan gérizon nanm-nan, min tou nan gérizon kò-a si sé volonté Bondié (cf.
 Cc. Florence : DS 1325). An plis, « si-l gin péché, y-ap padonnnin-l » (Jc 5,
 15 ; cf. Cc. Trente : DS 1717).

1521 *Fè youn ak Soufrans Kris-la.* Palintèmèdiè lagras sakréman sa-a,
 malad-la résévoua fòs ak kado pou-l fè youn pi séré ak soufrans Kris-la :

1535 nan yon sètin sans li *konsakré* pou-l donnin frui palintèmèdiè konfòmité
 1499 ak soufrans rédanmsion Sovè-a. Soufrans-la, konsékans péché orijinèl-la,
 vîn gin yon novo sans : li tounin yon patisipasion nan travay sové Jézu
 fè-a.

1522 Yon *lagras éklézial*. Fidèl-yo ki résévoua sakréman sa-a, « antan yo
 asosié pròp tèt-yo libréman ak soufrans épi lanmò Kris-la » yo poté
 konkou « pou byin pèp Bondié-a » (LG 11). L’Égliz-la, antan li sélébré
 953 sakréman sa-a nan kominion sin-yo, li intèrsédé pou byin malad-la. Malad-
 la, sou bò pa-l, palintèmèdiè lagras sakréman sa-a, li kontribué pou fè
 l’Égliz-la vîn sin épi pou byin tout moun-yo, sa-yo l’Égliz-la ap soufri
 pou yo-a épi ofri pròp tèt-li bay Bondié Papa-a palintèmèdiè Kris-la.

1523 Yon *préparasision pou dènié pasaj-la*. Si yo bay sakréman Onksion
 1020 malad-la pou tout moun ki malad oubyin afébli yon fason grav, ak pi plis
 rézon pou sa-yo ki « déjà pral soti nan lavi sa-a » (*in exitu vitæ constituti* :
 Cc. Trente : DS 1698), sé sa-k fè yo té rélè-l tou « *sacramentum
 exeuntium* », sakréman moun k-apralé yo (ibid.). Onksion malad-yo fin fè
 1294 nou konfòm ak lanmò épi reziréksion Kris-la, minm jan Batèm-nan té
 kòmansé sa. Li konplété onksion ki sin ki signalé tout lavi krétyin-an ;
 onksion Batèm-nan té pozé sélé novo lavi-a nan nou ; onksion
 1020 Konfirmasjon-an té fòtfié nou pou konba lavi sa-a. Dènié onksion sa-a
 bay fin lavi nou-an protéksion solid pou dènié bagay-yo anvan nou antré
 nan Kay Papa-a (ibid. : DS 1694).

V. Viatik-la, dènié sakréman krétyin-an

1524 Moun ki prêt pou kité lavi sa-a, an plis Onksion malad-yo, l’Égliz-la
 1392 ofri yo Ékaristi-a kòm viatik (manjé pou rout-la). Kominion nan Kò ak
 San Kris-la yo résévoua nan moman pasaj al kot Papa-a, gin yon sans ak
 yon inprotans spésial. Sé sémans lavi pou tout tan-an épi fòs reziréksion-
 an, dapré paròl Granmèt-la : « Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li
 gin lavi ki pap janm fini-an épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-
 a » (Jn 6, 54). Ékaristi-a, sakréman Kris-la ki mouri épi ki résisité-a, la-a
 sé sakréman pasaj-la sot nan lanmò al nan lavi-a, sot sou tè sa-a al kot
 Papa-a (cf. Jn 13, 1).

1525 Konsa, minm jan sakréman Batèm-nan, Konfirmasjon-an épi Ékaristi-a
 1680 vîn fòmé tankou yon sèl yo rélè « sakréman inisiasion krétyin-an », konsa
 2299 yo kapab di Pénitans-la, Onksion ki sin-an épi Ékaristi-a, lè lavi krétyin-
 an rivé nan bout-li, yo fòmé, antan yo bay viatik-la, « sakréman k-ap
 préparé pou Patri-a » sètadi sakréman ki konplété pélérinaj-la.

RÉZIMÉ

1526 « Èské youn nan nou malad ? Sé pou-l rélè prêt-yo nan Égliz la, pou
 yo priyé sou li, pou yo pasé luil sou li o non Granmèt-la ; priyè

lafoua-a ap sové malad la, Granmèt-la ap soulajé-l, épi, si-l gin péché, l-ap padonnin-l » (Jc 5, 14-15).

- 1527 *Sakréman Onksion malad-yo gin kòm finalité pou-l bay krétyin-an yon gras spésial lè l-ap ékspérimanté difikilté kondision ki anndan maladi grav-la oubuin viéyès-la.*
- 1528 *Tan ki konvnab pou résévoua Onksion ki sin-an rivé sètènman lè fidèl-yo kòmansé nan danjé lanmò poutèt maladi oubuin viéyès.*
- 1529 *Chak foua yon krétyin tonbé malad grav, li kapab résévoua Onksion ki sin-an, minm jan-an tou lè apré li fin résévoua-l maladi-a vîn pi grav.*
- 1530 *Sé prèt-yo sèlman (prèt-yo épi Évèk-yo) ki kapab bay sakréman Onksion malad-yo ; pou yo bay li y-ap anplouayé luil Évèk-la bénii-an, oubuin, si sa nésésè, prèt-la li-minm k-ap sélébré-a bénii-l.*
- 1531 *Sa-k ésansièl nan sélébrasion sakréman sa-a sé onksion sou fron malad-la ak min-l yo (nan rit Romin-an) oubuin sou lòt pati kò-a (nan rit Oriantal-yo), priyè prèt k-ap sélébré-a akonpagné onksion litijik-la antan l-ap mandé lagras spésial sakréman sa-a.*
- 1532 *Lagras spésial sakréman Onksion malad-yo gin kòm rezulta (éfè) :*
 – pou malad-la fè youn ak soufrans Kris-la, pou li-minm épi pou byin tout l'Égliz-la ;
 – rékonfò, lapè ak kouraj pou sipòté soufrans maladi-a oubuin viéyès-la yon fason krétyin ;
 – padon péché-yo, si malad-la pa-t kapab jouinn li palintèmèdiè sakréman Pénitans-la ;
 – rétablisman santé-a, si sa konvnab pou sové spirituèlman-an ;
 – préparasian pou travèsé nan lavi pou tout tan-an.

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)